Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи



www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

## Гумбет районалъул газета

№ 14 (6594) 26 март 2018 с. Итни Ражаб 1439 с. Багьа 5 гъур.

БАРКИ

## Маданиял хIалтIухъабазда баркула

**Щибаб соналъул 25 марталда маданиял хIалтIухъабаз кIодо гьабула жидерго байрам – Россиялъул культураялъул хIалтIухъанасул къо. Гьелда хIалтIулъ лъикIал хIасилалгун дандчIвай гьабуна нилъер районалъул маданияталъул хIалтIухъабазги.**

РакI-ракIалъ баркула районалъул маданиял хIалтIухъабазда профессионалияб байрам. Гьарула щивасе щулияб сахлъи, талихIаб, рохалилаб гIумру, хIалтIулъ бергьенлъаби.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов**

СИЯСАТ

## ХIажимурад МухIамадов : «Владимир Путиница Россиялъул къадру борхизабуна»

**Бакълъулазул мухъалъул бетIерас улкаялъул президентасул рищиял районалда тIоритIараб куцалъул хIасилал гьаруна**

**19 марталда «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас тIобитIана хIалтIулаб данделъи. ХIасилал гьаруна араб анкьил, лъикIаб къимат кьуна Россиялъул президент вищизе рищиял районалда иналъе.**

«Россиялъул централияб рищиязул комиссиялъул баяназда рекъон, протоколазул 99,84 проценталъул хал гьабун ходуб, Владимир Владимирович Путинине щун буго 76, 66% гьаркьазул.

Гумбет районалда лъугIана гьаркьазул хIасилал гьарун. Владимир Путинне гьаракь кьуна 9284 чияс, избирателазул 94,I5 проценталъ. Рищиязда щвараб гьеб ракIчIараб бергьенлъи Владимир Путинида баркулеб буго дуниялалъул халкъаз. Бокьун буго абизе, Владимир Владимировичасул нухмалъиялда, Россиялъул Федерациялъул къадру борхун бугин халкъазда гьоркьосеб аренаялдаян. Владимир Путинил цIаралда ругел баркияздеги цолъун, гьарула гьесие улкаялъе нухмалъи гьабиялъулъ бергьенлъаби, сахлъи ва кинабго лъикIабщинаб!



18 марталда Россиялъул президент вищиялда хIаракатчилъи бихьизабурал киназего баркала загьир гьабула хIалтIуде ва улкаялъул политикияб кIваралъул аслияб лъугьа-бахъиналде жавабчилъиялда балагьаралъухъ»,-ян абуна ХIажимурад МухIамадовас.

Бакълъулазул районалъул территориалияб рищиязул комиссиялъул баяназда рекъон, Россиялъул президент вищулеб къоялъ-18 марталда, жидерго конституциялъулаб налъи тIубазабуна хъвай-хъвагIай гьабурав 11046 избирателаздасан 9861 чияс, гьеб ккола 89,2 процент. Владимир Путинине гIоло гьаракь кьун буго Бакълъулазул районалъул 9284 чияс (94,15%), Павел Грудининие-305 чияс (3,09%), Борис Титовасе-183 чияс (1,86%), Ксения Собчакие -11, Владимир Жириновскиясе-9, Сергей Бабуриние-5, Григорий Явлинскиясе -4, Максим Сурайкинине -10 чияс.

**«Гумбет» РИО**

РАГIУЛЪ БУГО БАЛЪГОЛЪИ

## 12 школалдаса 38 цIалдохъан...

**«ЧIагояб классика» къец**

**Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул Гумбеталъул централъул залалда, 15 марталда, тIобитIана ТIолгороссиялъул гIолохъанал цIалдолезул районалъулаб «ЧIагояб классика» конкурс. Конкурсалда гIахьаллъана районалъул 12 школалдаса 38 цIалдохъан. Гьеб рагьана ва баркиялъулал рагIаби абуна районалъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулев ХIайбула ГIабдурахIмановас. Бицана гьединал конкурсал тIоритIиялъул бугеб кIваралъул. Гьарана конкурсалъул гIахьалчагIазе бергьенлъаби, сахлъи, рохел.**

Конкурс бачана районалъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул информационниябгун методическияб централъул методист ГIабдула МухIамадовас. ГIуцIун букIана анкьго чиясдасан жюриги. Конкурс тIобитIана 3 категориялде рикьун-5-7, 8-9, 10-11.



Гьез рекIехъе бицана гIурус мацIалда, Дагъистаналъул ва къватIисел пачалихъазул хъвадарухъабаз хъварал асаразда бутIаби.

Конкурсалъул хIасилал гьарун 5-7 классазда гьоркьоб тIоцебесеб бакI МелъелтIа аслияб школалъул 7 классалъул цIалдохъан Сапият Насрулаевалъ, кIиабилеб бакI Игьали гьоркьохъеб школалъул 6 классалъул цIалдохъан Самира ХIажимурадовалъ, лъабабилеб бакI МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул цIалдохъан ПатIимат АхIмаднабиевалъ ккуна.

8-9 классазда гьоркьоб тIоцебесеб бакIалъе мустахIикълъана Ингишо гьоркьохъеб школалдаса Макка Сайпулаева, МелъелтIа гьокьохъеб школалдаса Макка Аххубегова,

**(Ахир-кIиабилеб гьум.)**

НОМЕРАЛДА РУГО:



**160 лъимералъул сахлъи борцана**

-2 гьум.



**ТоргIо хIай, теннис, бакIлъи борхи...**

-2 гьум.



**ЧIиркъдерил маххул ва цIулал устарзаби**

-2 гьум.



**Данухъ росу: лъималаз тараб свери**

-3 гьум.

Масала, гIакъилас гIадан теларо,
Тушман вугониги, гIадада хвезе.

Инхоса Пали-хIажи

№ 14 26 март 2018 с.

УНТАРАЗУЛ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

# 160 лъимералъул сахлъи борцана

### ЦРБялъул тохтурзабазул къокъаялъ ЦIияб Аргъваниб халгьаби тIобитIана

**Бакълъулазул районалъул централияб больницаялъул тохтурзабаз ЦIияб Аргъвани росдал гьоркьохъеб школалъул цIалдохъабазул медицинаялъул халгьаби тIобитIана.**

ЦРБялъул врачазул къокъа щибаб анкьалъ уна районалъул росабалъе, лъайкьеялъул учреждениязда лъималазул халгьабизе. Араб анкьалъ гьез ЦIияб Аргъвани росдал гьоркьохъеб школалда 160 цIалдохъанасул хал гьабуна. Тохтурзабаз хасаб кIвар кьолеб буго, унтаби тIатинариялде гуребги, сахгьариялдеги. ГIемерал цIалдохъаби ратана тIадеги хал гьабиял тIоритIун, республикаялъул сахлъи цIуниялъул учреждениязда регизаризе кколел.

Централияб больницаялъул бетIерав тохтур МухIамад СайгидахIмадовас районалъул гIадамазда лъазабулеб буго жидерго сахлъиялъул тIалаб гьабеян, диспансеризация гьабиялъулъ гIахьаллъеян, унти загьирлъарабго жиндир заманалда тохтурзабахъе рачIаян, гьезул малъа-хъваял тIураян, вакцинация гьабеян ва сахлъи бугеб гIумруялъе гIоло кьеркьеян.

«Медицинаялда кIвар бугеблъун рикIкIуна унтабаздаса цIуниялъе тадбирал гьари. Цо-цо мехалда гIадамаз тохтурасухъе рачIин нахътIамун тола, унти захIматаб хIалалде ккедал уна. ХIурматиял бакълъулал, жиндир заманалда рачIа тохтурзабахъе медицинаялъул ва сахгьариялъул учреждениязде, нужерго сахлъиялъул суал гIужда тIубазабе. Районалъул тохтурзаби хIадурал руго нужее кумек гьабизе. ЗахIматго унтарал, дандги бан, нижеца ритIула республикаялъулал больницабазде. Гьединлъидал буго нижеца росабалъеги ун, лъималазул медицинаялъул халгьаби зама-заманалда тIобитIулебги»,- ян абуна МухIамад СайгидахIмадовас.



**«Гумбет» РИО**

# 12 школалдаса 38 цIалдохъан...

**(Байбихьи- тIоцебесеб гьум.)** кIиабилеб бакIалъе Игьали гьоркьохъеб школалдаса Зайнаб ГIабдусамадова, лъабабилеб бакIалъе ЦIаналъ аслияб школалдаса Разият МухIамадова.

10-11 классазда гьоркьоб тIоцебесеб бакI босана ЦIияб Аргъвани гьоркьохъеб школалдаса Багистан ГIумаровалъ, кIиабилеб бакI Ингишо гьоркьохъеб школалдаса Халжанат МухIамадовалъ, лъабабилеб бакI ЧIиркъатIа гьоркьохъеб школалдаса Жамиля МухIамадовалъ.

Конкурсалда призалъулал бакIал ккуразе районалъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул рахъалдасан дипломал ва сайгъатал кьуна. Киналго гIахьалчагIазе кьуна дипломал.

**ГIайшат Исламбиева**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСАБИ

# ЧIиркъдерил маххул ва цIулал устарзаби

### Курхьаби, баргъичал, хинкIбахъал, гъудал, тIукъби...

**Дун гьитIинав чи вугев мехалда, нижер ЧIиркъатIа росулъ букIана, ГIалимирзал къватI абун хасало гIадамал бакъалда гIодор чIолеб годекIан. 20-30 чи вукIунаан гьенир гIодор чIун. Хабар бицунел гурелги, гьенир гIодор чIаразул махщелчагIаз цояз гъуд гьабулаан, цояз гъалдибер гьабулаан, цогидас чол чIолохъжо гьабулаан, гьезухъ балагьун гIолохъабиги рукIунаан.**

Гьеб заманалда росулъ дибирлъун вукIана Ордаш абурав чи. Гьев вукIана гIарцул тIагIел гьабулев устар. Гьес гьарулаан курхьаби, баргъичал, кIилкIал. Сверухъ росабалъаги рачIунаан устарасухъе гIадамал. Ордашида цадахъ чи вукъизеги, хабада къулгъу гьабизеги хьвадулаан кIиябго бералда канлъи гьечIев СайгидахIмад. Гьесул букIана берцинаб гьаракь ва рикIкIадего рагIунаан гьесул гьаракь къулгъу гьабулелъул. КIиябго бералда канлъи гьечIониги, гьес хьопил хьухьун гьарулаан гьагьал.

ГодекIаниве вачIун, бакъалдаги гIодовчIун, гIадамазул тIадкъаял тIуралев вукIунаан ХIасанил МухIумирза абурав кIудияв чи. Гьес цIулал устарлъиги гьабулаан, маххул къебельиги гьабулаан.

Росулъ цойги устарзаби ругониги, гIадамал МухIумирзахъе рачIунаан жидеего къваригIараб тIагIел гьабизе, гьес гьабураб тIагIел щулиябги берцинабги букIунилан. Гьев МухIумирзал вацасул вас Залихал ХIажиги вахъана гьединавго бергьарав устар. Маххул къебельиги гьабулаан гьес. Доб заманалда ЧIиркъатIа киназулго рукIана ХIажица гьарурал пучдул. Кидаго годекIаниве вачIун, гъудал гьарулев вукIунаан Саратил МухIамад. Цойги батIияб махщел гьечIониги, гъудал, хинкIбахъал гьаризе Залихал ХIажидаса нахъе кколароанила Саратил МухIамад. ВукIана маххул къебельи гьабулев ва махх лъадаризе махщел бугев Паризал ГIали. Ордашидаса хадуб дибирлъиги гьабуна ГIалица. Гьес гьарулаан чуязе тIукъби, тIукъбузда кьабизе магIал, гьарулаан нусал, цвалтаби. Маххул къебед вукIана ХIасан-ХIосенги, гьесги гьарулаан нусалги, цвалтабиги, гудралги.

ГIалидаса хадув росдал дибирлъун ккана Лабазанил МухIамад. Гьев вукIана цIулал устар. Гьеб заманалда харатI бугев чи вукIана МухIамад. Столал, бакIал, гордал, нуцIби гьарулаан МухIамадица. МухIамадов Булатги вукIана цIулал устар. Берзул канлъи дагьав вугониги, гьес гIадамазе гьарулаан бакIалги, столалги. МухIамад СалихIов вукIана кверда махщел бугев чи. Гьес гIадамазе гьагьал гьарулаан, гIощтIода гIоркь чIвалаан, гъудал гьарулаан.

Ибрагьим СалихIов вукIана цIулал устар Махщел букIана пурцал гьаризе, хьварцIаялда бекI къазе. ЦIулал устар вукIана Паша ПирмухIамадов. Гьесги гьарулаан гIадамазе гордал-нуцIби.

ЧIиркъатIа росулъ гIадамазул къваригIел тIубалев кIиго чи вуго НасихIал МухIамадги Маккашарипги. ГIощтIода гIоркь чIвазе кканиги, цвалтаялъе лъел гьабизе кканиги, гьезухъе уна гIадамал. Росу ккурал, росдалго къваригIел тIубалел рукIарал нилъедаса ратIалъарал устарзабазе алжан насиблъаги. Гьел кIоченчIого рукIине ва ракIалде щвезе дица гьаб макъалаги хъвана.

**Бияхъай МухIамадгIалиев**

ГIОЛОХЪАНЛЪИ АБУЛА...

# ТоргIо хIай, теннис, бакIлъи борхи...

### Рищиязул къоялъ Бакълъулазул районалда тIоритIана спортивиял къецал

**Россиялъул президент вищулеб къоялъ -8 марталда Бакълъулазул районалъул росабалъ тIоритIана футбол, столалда теннис, шахматал, торгIо хIаялъул ва цогидалги спортивиял тайпабазул къецал.**

Гочинабун гIи-боцIи хьихьулеб Бабаюрталъул ракьалда бугеб Первомайское хьуtаналда тIобитIана футбол хIаялъул турнир. «Сельсовет ''Цунди-Шабдухский''» росдал поселениялъул бетIер АхIмад Набигулаевасул, «Гумбетовская» МТСалъул нухмалъулев Пахрудин ГIалихIажиевасул, «Шабдухский» СПКялъул нухмалъулев ГIабдулгIазиз Юсуповасул, «Цундинский» СПКялъул нухмалъулев Набигула Набигулаевасул хIаракаталдалъун гIуцIана гьел къецал.



«Село Тлярата» росдал поселениялъул бетIер Анвар Залумхановасги тIоритIана 4 командаялда гьоркьор къецал. Бергьаразе щвана гIарцулал сайгъатал, тIоцебесеб бакI ккураб командаялъе гIарацги кубокги.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСАБИ

# ЦIияб Данухъ: школалъул ахикь – хIанчIазе бусаби

### «Жея, ясал», «Дир хирияй эбел» ва цоги тадбирал

**ЦIияб Данухъ росдал гьоркьохъеб школалъул 8 классалъул цIалдохъабаз школалъул ахикь ралел руго хIанчIазе рукъзал, биологиялъул мугIалим ГъазимухIамадова Рузмайил, кIудияв вожатый ГIисаев Халидил ва ОБЖялъул мугIалим СултанмухIамадов Сахратулагьил нухмалъиялда.**

Школа ккола гIадан къачIалеб къебельи. Цо лъай кьей гуребги, гьенир гьарулел тадбирал гIемер рукIуна лъималазе тарбия кьеялда хурхарал ва гьединго гьел яхI-намус, адаб- хатир бугел, умумузул гIадатал цIунараллъун рукIин мурадалда тIоритIулел.

ЛъагIалил авалалдаго бахъараб планалда рихьизарула гьаризесел тадбирал. Гьелда рекъон тIоритIула байрамалги. Гьале ихдалил тIоцебесеб байрам «Халкъазда гьоркьосеб руччабазул къо» тIаде щведалги кIодо гьабуна нижер ЦIияб Данухъ школалдаги. Берцин бихьана «Жея, ясал» абураб къец тIобитIизе, чIахIиял классазул цIалдохъабазда гьоркьоб «Дир хирияй эбел» абураб темаялда сочинение хъвазе, кучIдул рикIкIунезул къец, гIисинал классазул цIалдохъабаз улбузе жидерго кверал хIадурарал открыткабигун суратал сайгъат гьаризе.

Утренник рагьана ва баркиялъул рагIаби абуна школалъул директорасул класстун къватIибехун хIалтIул жаваб кьолев Ахъаевас ва хутIарал тадбирал рачана ГIисаев Халидица. Школалъул директор Юнусов ГIисахIажиясги гьабуна баркиялъул кIалъай ва хадусеб тадбир бачана Халид МухIамадовичас. 12 тадбиралдасан гIуцIарал къецал рукIана хIалуцарал «Девчата» команда бергьана «Лидер» командаялдаса. Бергьараб командаялъе школалъул дирекциялъ кьуна грамота.

ГIисинал цIалдохъабаз гьоркьо-гьоркьор рихьизарулел рукIана кьурдаби, кечI ахIи ва цогидалги тадбирал.

Байрамалда хIаракатчилъи бихьизабуна мугIалимзаби Сиядат Дациевалъ, ГIиса ГIисаевас ва цогидазги.

**СагIидбег Ахъаев**

МАГӀАРУЛ РОСАБИ

# Данухъ росу: лъималаз тараб свери

**1877 соналда гьеб росу бухӀана ва данхъал ятабалъ ритӀана**

**2017-2018 цӀалул сон Данухъ гьоркьохъеб школалда тӀобитӀулеб гьечӀо. ЧӀорогоял рукъзал, кабинетал руго, цӀалдохъабазухъ ва мугӀалимзабазухъ урхьун. ЦӀалулел тӀахьазде, гьарулел хӀисаб гӀелмуялъул масъалабазде, лъималазул рельи-хъуялде, мугӀалимзабазул дарсазде ругьунал мактабалъул минаялъул къадал, рукъзал, жанахӀал бесдалго, чӀорого, къваридго, янгъизго, гӀицӀлъиялъги кверде росун руго. Данухъ гьоркьохъеб школа тӀокӀаб гьечӀо. Гьелъул хӀалтӀи чӀезе тун буго. Щай? ЦӀалдохъаби гьечӀого. Данхъадерил гӀолохъанаб гӀел гӀатӀиракьалде гочун.**

## ХӀариб мегӀералъул щобда

ЗахӀматал шартӀазда магӀарухъ чӀечӀого, чанги миллатцоял гӀатӀилъуде гочунел руго. Гьедин гьез гьабунилан, гӀайиб чӀвазе ихтияр бугев чи ватиги щакаб буго. ЦӀакъго согӀаб тӀабигӀияб ахӀвал-хӀалалда росу цӀунизе захӀмалъулеб буго гьанже. Данухъ росу ккола эхедегӀан бугеб, хасало чӀечӀого гӀазул гӀансал тӀолеб ХӀариб мегӀералъул щобда эхетараб росу.

Данхъадерица бихьизабула цо кӀкӀаламухъ – гьаниб букӀанин цебесеб школалъе мина, тӀун бачӀараб гӀазул гӀансиялъ гьеб босун анилан. Гьанже школалъе мина бан буго цӀияб, гӀансал рачӀунареб бакӀалда. Амма гьале 2017 соналъул сентябралдаса гьеб идара къаналъ, лъимал гьечӀолъиялъ.

Гьадинабго къисмат кколеб буго чанги магӀарул росабазул ва школазул. Данухъ школалъул вукӀарав директор МухӀамад Сайпилаев гьанже Аргъвани гьоркьохъеб школалда методистлъун хӀалтӀулев вуго. КигӀан паналъундай гьесул ракI бугеб, рехун школги тун, цоги росулъ хӀалтӀизе ккарав.

Дунялалда «глобализация», «урбанизация» абурал ишал лъугьунел руго. Нилъер магӀарул халкъалъул тарихалда жаниб гӀураб лъалкӀ тарал росабиги лъугӀун, тӀагӀун унел руго. ЗагӀиплъулеб мацӀалда цадахъ загӀиплъулел руго миллияб рухӀги, магӀарулазул ватӀанги, цӀумаз тӀад свери бахъулел кьурабалъ гьарурал росабиги.

«Миллат» газеталъ гӀумруялде бахъинабулеб буго «МагӀарул росаби» абураб хӀалтӀи, проект. Гьелда рекъон, нилъер росабазул арабги гьанжесебги гӀумру бихьизабулел чанги макъалаби рахъана казиятлъул гьурмада. Бокьун буго данхъадерил тарихалдеги дагьабго горду къиризе.

## Кьурул гӀусалда бараб щулалъи

Данухъ ккола некӀсияб магӀарул росу. Кьурул гӀусалда тӀад бараб гьеб рельлъуна цӀудул бусеналда. Унго-унгояб тӀабигӀияб щулалъи ккола гьеб. ГьабсагӀат гьениб гӀумру гьабулеб буго 40-гӀан хъизаналъ. Гьелги гӀемерисел хараби руго. Амма букӀана заман… БукӀана заман, гьаб росулъ гӀумру гьалдолеб. Гьаб росдаца жиндир цӀар хъвана аваразул ва тӀолабго Кавказалъул бахӀарчилъиялъул тарихалда. Гьаниса вахьана Шамил имамасе цӀакъ хирияв, жиндир гьунаразул цӀар арав наиб Данухъа ГьитӀин.

1877 соналда гьаб росу данде бахъана дунялалда кверщел гьабураб, кьуват кӀудияб Россиялъул империялда. Къокъаб гъазаваталдаса хадуб империялъул аскараз Данухъ росу бухӀана ва, рухI гьоркьоб течӀого, киналго данхъал гочинаруна Новгородалъул губерниялъул Тихвин абураб шагьаралде. 217 чиясе депортация гьабуна 1877 соналда. Кодор кколел лъималги, руччабиги, харабиги – щивниги течӀого, ритӀана ятабалъ. Сверухъ ругел росабалъ Данухъа чи вахчун ватани, гьев вахчарав гьоболги тамихӀалде цӀан вуго. Гьединаб къваридаб къисмат насиблъана данхъадерие. ЦӀорораб, гьава-бакъ рекъолареб севералъул ракьалда гьеб росдал жамагӀаталъ чанги чи къаралде щвана. КӀудияб къо бихьана халкъалда. Амма захӀмалъабаз данхъал къуркьизаричӀо.

Анлъго сон Тихвиналдаги бан, данхъадерие тӀадруссине изну кьуна. Гьеб анлъго соналда жаниб росу биххун, чӀвадназде сверун батана гьезда. Гьезул мугӀрулги ракьги, ЧӀикӀаса Пазулас ва Аргъваниса Шамхалица тӀалаб гьабун, гьезул боцӀиги хьихьун букӀана гьел соназда.

Щущараб росу цӀидасан базе ккана жамагӀаталъ. Дагь-дагькккун цӀилъун бачӀана некӀсияб аваразул свери. БахӀарчиял, къвакӀарал, нахъе къай гьечӀел данхъадерица гӀахьаллъи гьабичӀеб улкаялъул рагъ хутӀичӀо. Гьез къо баччана япониязулгун гьабулеб рагъдаги, ТӀоцебесеб дунялалъул рагъдаги, КӀудияб ВатӀанияб рагъдаги.

Данхъадерица магӀарулазе кьуна классикияб гугариялъул рахъалъ дунялалъул чемпион, Олимпиялъул хӀаязул мазгарул чемпион Расул Чунаевги. Гьесул эмен ккола Данухъа, эбел – ЛъаратӀа мухъалъул Салдаса. Гьев живго гӀумру гьабун вуго ЦӀоралда ва машгьураб ЦӀоралъул ракьалъул мустахӀикъав вакил ккола гьев.





## ЦӀияб Данухъ росдал суалал

ГьабсагӀат Данухъ гӀага-шагарго нусгогӀан чияс гӀумру гьабулеб буго (40 цӀараки). Гьеб росдал жамагӀаталъ хъутаналъул ракьалда, Хасавюрт шагьаралда аскӀоб бана ЦӀияб Данухъ росу. Гьениб гӀумру гьабулеб буго 170 хъизаналъ, 600-гӀан чияс. Гьениб бугеб ракь данхъадерие хъутаналъе кьун буго 1939 соналдаго. ЦӀияб Данухъ росдал буго 140 гектар ракьул. Гьеб буго кӀудияб гуреб къадар. БоцӀи хьихьизе мегӀер гӀоларого рукӀуна гьенир гӀадамал. 156 бетӀер чӀегӀерхӀайваналъул буго ЦӀияб Данухъ. Гединго ракь хӀалтӀизабула, нигӀматал гӀезарула. «Данухский» СПКялъул къайимлъиялда Бабаюрталъул рахъалда, Львовское-8 абураб бакӀалда, данхъадерил Ахтачихъан хъутанги буго. Гьениб 900 гектар ракьул буго. Амма гӀумру тӀамун хъизан чӀараб лъабго гурони хъизан гьечӀо.

«Данухский» СПКялъул бетӀер ккола Якъубдибир Аминтазаев. Исана данхъадерил хъутаналда пиринчӀ бекьизе гӀураб къадаралда лъим чӀезабизе бугилан рагӀи кьун буго Дагъистаналъул лъалъадиялъул рахъалъ министерствоялъ.

ЦӀияб Данухъ буго гьоркьохъеб школаги. Гьанив цӀалулев вуго 80 цӀалдохъан. Амма кабинетал къваридал рукӀиналъ, кӀиго нухалъ батӀа-батӀаго цӀализе кколел руго – къаделъизегӀанги къаденахъеги (кӀиго сменаялда).

Данухъ росдал бегавул МухӀамад КъурбангӀалиевас щибаб данделъиялда ва даимго борхулеб суал буго ЦӀияб Данухъ лъималазул ах ва спорталъул кӀалгӀа баялъул масъала. Гьес гьеб гӀузруялъул бицун буго районалъул нухмалъулездаги, депутатаздаги, цоги идарабаздаги. Улкаялда санкциязул кьаби щварал захӀматал сонал ругилан, гьел суалал жеги тӀуран гьечӀо. Лъималазул ахикье битӀизе бегьулеб 60 лъимер буго росулъ. ТӀоцебесеб классалде рачӀунел лъималазул къадарги къойилъе бахунеб буго.

ЦӀияб Данухъ школалъул директор ГӀисахӀажи Юнусовасги цебе лъолеб буго мактабалъе гӀатӀидаб мина баялъул масъала. Амма хӀукумат жеги гьел суалазде регӀун гьечӀо. Лъабго смена бугел школал лъугӀизариялда тӀаделъун руго Дагъистаналъул нухмалъулел.

Хасавюрт шагьар аскӀоб букӀиналъ, гӀолохъаби бетӀербахъи гьабизе гьенире хьвадулилан бицана ЦӀияб Данухъ гьоркьохъеб школалъул директорасул тарбия кьеялъул рахъалъ заместитель, авар мацӀалъул мугӀалим СагӀидбег Ахъаевас. Хасавюрталъул маххул базаралда ва цогидалги бакӀазда хӀалтӀулел руго данхъадерил гӀолилал.

Данухъ росдал бегавуласул заместитель Халил ГӀабдурашидовасул баяназда рекъон, дунялалда тӀад ругел данхъадерил къадар гӀага-шагарго азариде бахунеб буго.

Хасавюрт шагьаралда буго данхъадерил 157 хъизан. Гьединго гьеб росдал вакилзабаз гӀумру гьабулеб буго МахӀачхъалаялда, Стальскиялда, Бавтугъаялда, Тюбеялда ва цогидалги бакӀазда.

## Умумузул хабазда хурдузул сас кӀочонге…

МагӀарухъ бугеб тарихияб Данухъ росулъа къогогӀан цӀараки 1944 соналда Чачанлъиялдеги гочинабуна. Авар мацӀалъул мугӀалим СагӀидбег Ахъаев гьавун вуго Ножай-Юрт мухъалъул Татахиб росулъ. Гьал хъизаназе гьениса тӀадруссине рес щвана гӀицӀго 1957 соналда.

ГьабсагӀат Данухъ буго администрациялъул мина, библиотека ва клуб.

Данухъ росу тезе ракӀалда гьечӀев жамагӀатчи, херав ГӀабдулпатахӀ Салатгереевас МелъелтӀе вачӀанщинахъе дида абула: «Данхъал кин ругищали бихьизе, нижехъе вачӀа», - ян. Аллагьас хъван батани, жеги чанги щвела гьеб машгьураб, бахӀарчияб, кьурул гӀусалда тӀад эхетараб магӀарул щулалъуде, тарихалда лъалкӀ тараб аваразул росулъе.



«Умумузул хабазда хурдузул сас кӀочонге», - абун хъвана гӀакъилас. Гьеб сасги кӀочани, магӀарул росабиги кӀочани, мацӀги кӀочани, кинал магӀарулал нилъ кколел?

**ГӀизудинил ХӀамзат**

НИЗАМ ЦIУНИ

## Ярагъ (гражданскияб) хьвадизабиялъул тартиб

**1996 соналъул 13 декабралда къватIибе бачIараб № 150 Федералияб законалда рекъон гIадамазе ихтияр кьун буго ярагъ босизе, цIунизе ва хIалтIизабизе. Гьединлъидал гьезда лъазе ккола ярагъалда сверухъ законалъул тIалабалги.**

ТIадехун рехсараб Федералияб законалда рекъон 1999 соналъул 12 апрелалъ бахъараб МВД-ялъул №288 буюрухъалда рекъон яргъил бетIергьанчи жиндихъ кодоб бугеб ихтияралъул документалъул заман лъугIизе моцI хутIидал ярагъ цIуниялда, кьеялда сверухъ хIалтIи гьабулев инспекторасухъе ине ккола Россиялъул МВДялъул Болъихъ районалда бугеб отделалде районазда гьоркьосеб лицензионнияб отделалде. Ихтияр кьолеб документалъул заман лъугIизе цо моцI хутIилалде перерегистрация гьабизе документал яргъил инспекторасухъе кьун гьечIони, яргъил бетIергьанчиясда тIад гIакIа кьотIизе рес буго административияб кодексалъул РФялъул КоА-Палъул 20.11 статьялда рекъон (1000 гъурущалдаса 3000- ялде щвезегIан).

Масала, дихъ кодоб буго документ 2014 соналъул тIоцебесеб январалда кьураб. Ярагъалъе кьураб ихтияр лъугIула 2019 соналъул тIоцебесеб январалда. Дун перерегистрация гьабизе яргъил инспекторасухъе ине ккола 2018 соналъул тIоцебесеб декабрь щвелалдего.

Ихтияр кьолеб документалъул заман лъугIун хадуб, цо къо тIасан аницин, ярагъ рикIкIуна гьесухъ законалде данде кколареблъун. Гьеб яргъил бетIергьанчиясда гьабула административияб кодексалъул РФялъул КоАПалъул 20.8 статьялъул 6 бутIаялда рекъон, административияб протокол (3000 гъурущалдаса 5000-ялде щвезегIан гIакIа яги 5-15 сордо-къоялъ жанив тIамула ва гьелде тIадеги бахъула ярагъги.

Гьединлъидал яргъил бетIергьабазда чара гьечIого лъазе ккола жиндие кьураб ихтияралъул яльуни лицензиялъул болжал ине цо моцI хутIилелде ярагъги ва къваригIунел документалги росун цIидасан болжал халатбахъинабизе ине кколеблъи.

**ГIамир ГIамиров,**
**Россиялъул МВДялъул Гумбет районалда бугеб отделалъул нухмалъулесул ишал тIуразарулев, жанисеб хъулухъалъул майор**

## Тохтурзабазе баркала

**Бакълъулазул централияб больницаялда курс гьабуна дица. Бокьун буго тохтурзабазе ракIракIалъулаб баркала кьезе.**

КIудияб баркала буго дир унти сахлъизе хIалтIи гьабуралъухъ, унтаразде гьабулеб лъикIаб бербалагьиялъухъ ва тIалабалъухъ Гумбет районалъул ЦРБялъулбетIерав тохтур МухIамад СайгидахIмадовасе, тохтурзаби ГIабдулхаликъ ГIалиевасе, Хизри МухIамадовасе, медсестраби ПатIина УхIумагIалиевалъе, ХIавраъ РурухIмаевалъе, Паримеседо ХIамзатовалъе, Марзигат Мусаевалъе, ХIапизат АхIмадовалъе, ПатIимат МухIамадовалъе (Узул) ва цогидазеги, больницаялъул тIолабго коллективалъе.

Дица нужее лъикIаб дугIа гьабулеб буго. Аллагь разилъаги нужедаса, лъикIабщинаб насиблъаги.

**Таибат ГIалиасхIабова,**
**Бакьулъ Гьарадирихъ росу**

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

## Проведена проверка библиотек Гумбетовского района на наличие экстремистской литературы

**Прокуратурой района проведена проверка исполнения законодательства об образовании, в том числе религиозном на территории Гумбетовского района.**

Вместе с тем, по результатам проверки установлено, что в нарушение ст. 3 Федерального закона от 25.07.2002 № 114-ФЗ «О противодействии экстремисткой деятельности» и приказа Министерства культуры РФ от 02.12.1998 г. № 590 «Об утверждении Инструкции об учете библиотечного фонда» в положениях о школьной библиотеке МКОУ «Арадирихская СОШ», МКОУ «Аргванинская СОШ», МКОУ «Килятлинская СОШ», МКОУ «Цилитлинская СОШ», МКОУ «Читлинская ООШ», не содержатся прямого запрета на распространение экстремисткой литературы, не установлен порядок проведения сверок библиотечного фонда и поступающей литературы с федеральными списками экстремистских материалов.

По выявленным нарушениям действующего законодательства, прокуратурой района, на нормативные правовые акты – «Положение о школьной библиотеке» образовательных организаций Гумбетовского района принесены протесты.

Указанные протесты прокуратуры района рассмотрены и удовлетворены, положения о школьной библиотеке указанных образовательных организаций района приведены в соответствие с действующим законодательствам.

**Ш.М. Магомедов**
**Заместитель прокурора района, юрист 1 класса**

В ЗДОРОВОМ ТЕЛЕ - ЗДОРОВЫЙ ДУХ

# Профилактика туберкулёза

**Туберкулёз – тяжелое инфекционное заболевание, опасное для людей любого возраста. Возбудителем туберкулёза является микобактерии туберкулёза – их называют палочками Коха, по имени немецкого ученого, который открыл их в 1882 году. Основным источником заражения туберкулёзом является человек, но также болеет туберкулёзом и крупный рогатый скот. Микобактерии туберкулёза могут попадать в организм различными путями: воздушным – при вдыхании зараженной пыли или капелек мокроты; через желудочно-кишечный тракт, при употреблении в пищу заражённых продуктов, реже. Заболеваемость туберкулёзом начинается с заражения или инфицирования. Чаще всего это происходит в детском или подростковом возрасте, особенно если они находятся в контакте с больным туберкулёзом.**

В этих случаях у заразившегося человека впервые обнаруживается положительная реакция на введение туберкулина. Этот период может пройти незаметно, не сопровождаться какими-либо жалобами или проявиться незначительными признаками в виде ухудшения самочувствия и повышенной эмоциональной возбудимости, снижения успеваемости. В ряде случаев эти симптомы сопровождаются небольшим повышением температуры тела до 37,0 – 37,5 С. Редко первичные заражения туберкулёзом могут сопровождаться более острыми проявлениями, напоминающими простудные явления.

Если заболевание своевременно выявлено и проведено необходимое лечение – наступает заживление очага в виде мелких или более крупных обызвествлений в корне лёгкого. Такое заживление возможно и самостоятельно, без применения лекарственных средств, если ребёнок или подросток ведёт здоровый образ жизни и живёт в хороших материальных и комфортных условиях. Однако положительная туберкулиновая проба у него сохраняется на долгие годы и будет свидетельствовать о заражении туберкулёзом. Для последующего наблюдения за таким ребёнком или подростком очень важна динамика туберкулиновых проб. При их усилении необходимо специальное обследование. Поэтому в детских и школьных коллективах туберкулиновые пробы ставятся ежегодно, а дети и подростки с нарастанием туберкулиновой чувствительности направляются для обследования в противотуберкулёзный диспансер.

У 7-10% заразившихся туберкулёзом детей и подростков, вслед за свежим заражением, развивается заболевание, которое получило название первичный туберкулёз. Чаще он проявляется развитием туберкулёзных изменений во внутригрудных лимфатических узлах или в лёгких. В таких случаях у больных с туберкулёзом преобладают жалобы общего характера в виде повышенной утомляемости, общей слабости, потливости, особенно в ночное время, снижения трудоспособности, повышения температуры тела. Часто туберкулёз может скрываться под маской гриппа, бронхита, острых респираторных заболеваний или пневмонии.

При своевременном выявлении туберкулёза он полностью излечим. В запущенных случаях развиваются поражения в лёгких с формированием полости распада и выделением микобактерий туберкулёза. Такой больной становится опасным для окружающих. Возникает опасность заражения не только неинфицированных детей и подростков, но и ранее переболевших туберкулёзом. Повторный контакт с бактериовыделителем может спровоцировать тяжёлое обострение заболевания.

Кроме того, могут появиться кашель, болевые ощущения в грудной клетке, одышка. Эти симптомы непостоянны, на время уменьшаются или даже полностью исчезают и появляются вновь при увеличении физической или умственной нагрузки. Они чаще проявляются и носят характер более упорный, если пациент начинает курить, употреблять алкоголь или наркотики. Если вы заметили у себя хотя бы один из симптомов туберкулёза, немедленно обратитесь в районный противотуберкулёзный диспансер

### Советы больному туберкулёзом

Туберкулёз излечим! Современная медицина обладает новейшими средствами предупреждения и лечения туберкулёза. Основной курс лечения проводится в стационаре.

Чтобы избежать обострения и осложнения болезни и ускорить ее излечение, нужно строго выполнять в стационаре и дома все советы лечащих врачей.

Посещайте тубдиспансер в установленные лечащим врачом сроки, а при ухудшении самочувствия, независимо от назначенного срока.

Принимайте аккуратно, длительно и непрерывно антибактериальные препараты, согласно указанию врача. Самовольное прекращение лечения ухудшает течение болезни и вредно отражается на течении легочного туберкулеза.

Правильно организованный режим труда и отдыха - важнейшее условие предупреждения и лечения.

Главное, каждый человек не реже одного раза в год должен проходить обследование на выявление туберкулеза - флюорографию, детям – туберкулинодиагностика

**М.Р. Таймасханов,**
**начальник ТО Управления Роспотребнадзора по РД в Ботлихском районе**

БетIерав редактор ХIамзат ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь Кьурмагьиз ХIадисова
Корреспондентал: ГIайшат Исламбиева, Хадижат Мазгарова, Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гьоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1090
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.